

Pou Piblikasyon Imedya: 09/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI ENTÈDI DISKRIMINASYON NAN TRAVAY KI BAZE SOU VÈTMAN RELIJE OUBYEN BAB NAN FIGI

Cuomo: "Kòm Nouyòkè nou selebre divèsite nou an epi nou defann libète ekspresyon relije nan tout kote, sa enkli nan milye travay la. Lwa sa a pral pwoteje moun kont pratik travay diskriminatwa ki baze sou vètman relije oubyen bab nan figi epi rann li vrèman klè pou kèlkeswa moun ki te ka toujou gen dout ke New York gen zewo tolerans pou kèlkeswa tip prejidis".

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te siyen lejislasyon (S.04037/A.4204) ki entèdi diskriminasyon nan travay ki baze sou vètman, rad relije oubyen bab nan figi. Nouvo lwa a modifye Lwa Dwa Imen Eta New York (New York State Human Rights Law) pou rann li klè ke patwon pa kapab refize anboche, kenbe, bay pwomosyon, oubyen pran lòt aksyon diskriminatwa kont yon endividi paske li ap mete vètman oubyen bab nan figi ki an akò ak prensip relijyon li an.

"Kòm Nouyòkè nou selebre divèsite nou an epi nou defann libète ekspresyon relije nan tout kote, sa enkli nan espas travay la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lwa sa a pral pwoteje moun kont pratik travay diskriminatwa ki baze sou vètman relije oubyen bab nan figi epi rann li totalman klè pou kèlkeswa moun ki te ka toujou gen dout ke New York gen zewo tolerans pou kèlkeswa tip prejidis."

Lejislasyon an rann li klè pwoteksyon Lwa Dwa Imen Eta New York, ki entèdi tou patwon pou trete kandida oubyen anplwaye nan fason diferan akoz kwayans relije moun sa a, epi li ekzije patwon yo pou akomode nan fason rezonab pratik relije yon anplwaye. Nouvo lwa a reafime angajman depilontan Gouvènè a nan kesyon enklizyon ak egalite relije.

Senatè John C. Liu te deklare, "Jodi a, New York entèdi eksplisitman diskriminasyon bò kote patwon sou baz vètman ak aparans relije. Nan moman divizyon sa yo, New York dwe rete lidè nan pwoteje ekspresyon relije ak eradike prejidis ak entolerans. Mèsi Gouvènè Cuomo paske w siyen pwojè lwa istorik sa a ak pwoteje Nouyòkè ki gen tout kwayans relije".

"Pwojè lwa istorik sou kostim relije an rann li klè Nouyòkè pa pral tolere pyès diskriminasyon kont moun relije nan espas travay la. Nan yon moman kote sityasyon prejidis ak layèn ap ogmante, se devwa nou pou n defann dwa ak diyite youn ak lòt. Pyès Nouyòkè pa ta dwe oblije chwazi ant pwofesyon yo ak kwayans relije yo", **Manm Asanble David I. Weprin te deklare.** "Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske li siyen pwojè lwa enpòtan sa pou l vin lwa pou asire tout Nouyòkè ka santi yo respekte nan espas travay la epi mwen remèsye Senatè John C. Liu paske li pote pwojè lwa sa a nan Sena a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)